



Pwotokòl pou itilizasyon MASK TWAL

Dapre Òganizasyon Mondyal Lasante, COVID-19 la transmèt de yon moun ki genyen viris la a yon moun ki pa genyen li. Maladi a ka gaye de yon moun a yon lòt atravè boulèt ki voltije sòti nan nen oswa nan bouch yon moun lè li touse oswa estènen. Boulèt sa yo ka tonbe sou objè oswa sifas nan alantou yon moun. Kidonk yon moun ka trape viris COVID-19 la lè li antre an kontak avèk sifas oswa objè sa yo, osinon tou lè li manyen je li, nen oswa bouch li. Ou ka trape viris COVID-19 la tou lè ou respire boulèt on moun ki malad voye lè li touse oswa le li estènen.

Gen plizyè fason boulèt sa yo ka rive nan figi w, lè ou prale lopital, lè ou prale nan mache pou achete manje, oswa nenpòt lòt espas piblik, li enpòtan pou mete yon mask twal pou kouvri nen w ak bouch ou avan w sòti, yon fason pou w anpeche boulèt sa yo rive nan figi w, Lè ou mete yon mask ou pwoteje tèt ou ak sila ou gen pou kwaze nan espas piblik yo.

Si w pa ta genyen mask chirijikal, yon mask N95 oswa FFP2, ou kapab itilize yon mask atizanal (mask twal), yon mouchwa, oswa on foulà.

Mask twal yo anpeche boulèt ki sòti nan yon moun ki pote viris la oswa pasyan ki prezante sentòm (yon chaj viral fèb oswa a zewo) rive sou ou. Men fò mask sa a toujou nan nivo nen an oswa manton oswa machwè.

Ki jan yo mete epi sèvi ak yon mask baryè ?

Comment mettre mon masque



- Lave mask la avan ou itilize li ;
- Pran san w lave men ou avan ou manyen mask la ;
- Pa manyen anndan mask la ;
- Itilize pwent riban mask la pou w ka mete l . Li enpòtan ke men w rete lwen visaj ou pandan wap mete mask la. ;
- Gen kèk lot eleman ki egziste ki pèmet mask la byen ranje nan visaj yon moun .
- Pa manyen mask la ak men w lè wap mete li ;
- Lave men w lè w fin retire mask la nan visaj ou
- Mete mask la sèlman lè sa nesèsè. Sizanka ou ta genyen yon moun ki nan karantèn/Izolasyon lakay ou, ou ka mete mask la pa ekzanp si gen lòt moun nan pyès kotew ye a .
- Rete lwen moun, respeke plis ke 1m50 distans
- Pou mask ki kapab lave yo oswa ki ka itilize plizyè fwa yo, pa itilize mask lan plizye fwa oubyen plis pase yon jou apre san li pa lave .
 - **Lavaj** : Kite mask la trampe pandan 10 a 15 minit nan dlo ki gen klòwòks avèk savon.
 - **Sechaj** : Kwoke mask lan yon kote pwòp ki gen solèy. Epi itilize fè a repase (< 70°C) pou elimine risk kontamination avan ou itilize mask la ankò.